# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–07 सितम्बर 2025 भोजपुरी समाचार

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु उत्तर प्रदेश अधीनस्थ सेवा चयन आयोग से नया चुनल गइल पन्द्रह सौ दस अनुदेसकन के लखनऊ के लोक–भवन में नियुक्ति पत्र बटलें। येह मौका पर मुख्यमंत्री कहले कि प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी विकसित भारत के लक्ष्य के पावे बदे मिसन रोजगार से जियादे से जियादे नौजवानन के जोड़ले क संकल्प दिहले हउवे। येह लक्ष्य के पूरा करे बदे प्रदेस सरकार क्रियासील बाटे।

**उत्तर प्रदेश के अंदर पिछले आठ वर्ष के दौरान 8.5 लाख से अधिक नौजवानों को हम लोगों ने सरकारी नौकरियां उपलब्ध करवाने में सफलता प्राप्त की है। और हमारा प्रयास होता है कि किसी भी नौजवान को उत्तर प्रदेश के अंदर चयन की इस प्रक्रिया में किसी भी स्तर पर भेदभाव का शिकार न होना पड़े, उसका किसी भी स्तर पर शोषण न हो, उसके साथ कोई भी भेदभाव न हो। उसकी योग्यता और उसकी क्षमता के अनुरूप उसे शासन के विभिन्न विभागों में कार्य करने का अवसर प्राप्त हो सके। इसके लिए इस निष्पक्ष प्रक्रिया को उत्तर प्रदेश सरकार ने पूरी ईमानदारी और प्रतिबद्धता के साथ संपन्न करने में सफलता प्राप्त की है।**

येहि क्रम में बलरामपुर जिला में तेइस, जौनपुर में सोरह अउर बलियो में सोरह नया चुनल गइल अनुदेसकन के स्थानीय जनप्रतिनिधि अउर प्रसासनिक अधिकारी लोगि नियुक्ति पत्र दिहलें।

**********

रक्षा अनुसंधान अउर विकास संगठन डीआरडीओ उत्तर प्रदेस रक्षा औद्योगिक गलियारा के अउरियों जियादे विकास बदे काल्हि राजधानी लखनऊ के अमौसी परिसर में एगो सम्मेलन क आयोजन कइलस । रक्षा अनुसंधान अउर विकास खातिर सूक्ष्म लघु अउर मध्यम उद्योगन अउर स्टार्टअप के साथे साझेदारी कइल येहकर उद्देश्य रहे। आयोजन में सौ से जियादे एमएसएमई अउर स्टार्टअप भागीदारी कइलें। डीआरडीओ क अध्यक्ष कहलें कि डीटीटीसी क अवधारणा रक्षामंत्री राजनाथ सिंह विकसित कइलें रहलें। जवने क फायदा उद्योगन के मिलल सुरू हो गइल बाटे।

**********

आजु पूरा चन्द्र गरहन हउवे। ई गरहन आजु राति आठ बज के अनठावन मिनट पर सुरू होके बिहने भोर में दुई बज के पचीस मिनट पर खतम होई। येहकर अवधि भारत में बयासी मिनट क होई अउर ई चन्द्र गरहन पांच घंटा से जियादे समय ले रही। चन्द्र गरहन के पूरा भारत में देखल जा सकेला। प्रदेसों में चन्द्र गरहन क पूरहर गतिविधि के वैज्ञानिक प्रयोग अउर सोध बदे रिकॉर्ड कइल जाई। येहि नाते लखनऊ के इंदिरा गांधी नक्षत्रशाला में विसेस व्यवस्था कइल गइल हउवे। ओहर बनारस के दशाश्वमेधघाट पर होखे वाली विश्व प्रसिद्ध माँ गंगा का आरती चन्द्र गरहन के नाते येह बेरि बिसेस रूप से दिनवे में ग्यारह बजि के पैतालिस मिनट पर सम्पन्न करावल गइल। प्रभु श्रीराम के नगरी अजोध्यो में श्रीराम मंदिर अउर हनुमान गढ़ी क पट दुपहरिया बारह बजि के तीस मिनट पर बंद कै दिहल गइल।

**********

उत्तर प्रदेस अधीनस्थ सेवा चयन आयोग क प्रारंभिक अर्हता परीक्षा पीईटी दुइ हजार पचीस क दुसरका फेरा क इनतिहान आजु प्रदेस के कई गो केन्द्रन पर सम्पपन भइल। दुइ पाली में भइल ई इनतिहान सुचिता के साथे होखे येह बदे सज्जों केन्द्रन पर स्टेटिक अउर सेक्टर मजिस्ट्रेटन क तैनाती के सथहीं सुरक्षा क कड़ेर इतिजाम कइल गइल रहे। अभ्यर्थियन के सुविधा बदे रेलवे प्रसासन की ओरि से कुछु स्पेसल ट्रेनो चलवावल जा रहल हउवे, ओहीं परिवहन निगम ग्यारह हजार बसन के चलववले क इतिजाम कइले हवे।

**********

वस्तु अउर सेवा–कर यानी जीएसटी के दरन में हाले में कइल गइल सुधार येही महिन्ना के बाइस तारिख से लागू हो जाई। हमरे संवाददाता बतउलें हवें कि नया जीएसटी दरन क चिकित्सा क्षेत्रओ पर अनुकूल प्रभाव पड़ले क संभावना बाटे। एगो रिपोर्ट–

**नए जीएसटी सुधारों के साथ ही अब सभी मेडिकल डिवाइस और उपकरणों पर 18 प्रतिशत की जगह अब सिर्फ 5 प्रतिशत जीएसटी ही लगेगा। वही, पट्टियों, डायग्नोस्टिक किट, ग्लूकोमीटर और अन्य जरूरी मेडिकल सामानों पर जीएसटी 12 प्रतिशत से घटाकर 5 प्रतिशत कर दिया गया है। 33 जीवनरक्षक दवाओं पर जीएसटी 12 प्रतिशत से घटाकर शून्य कर दिया गया है। कैंसर, दुर्लभ रोग और बीमारियाँ तथा गंभीर बीमारियों के इलाज में काम आने वाली 3 दवाओं पर जीएसटी 5 प्रतिशत से घटाकर शून्य कर दिया गया है। ऋषि जायसवाल के साथ अमन यादव, आकाशवाणी समाचार, दिल्ली।**

**********

चंदौली क पंडित दीनदयाल उपाध्याय रेल मंडल पितरपख मेला दुइ हजार पचीस बदे गया जंक्शन जाए वाले तीर्थ यात्रियन के सुविधा बदे बड़हन कार्य योजना बनवले हउवे। आजु से सुरू होके एक्कइस सितंबर ले चले वाले एह मेला के दौरान स्टेसन परिसर में यात्रियन के ठहराव क विस्तार साफ सफाई कै विसेस ध्यिान अतिरिक्त टिकट काउंटर बढवले, दैनिक गाड़ियन के अलावे स्पेसल गाड़ियन के चलवले के सथहीं सुरक्षा क कड़ेर इंतिजाम कइल गइल हउवे।

**********

गोरखपुर, महराजगंज, देउरिया के सथहीं प्रदेस के कइ गो जिलन में आजु गरज चमक के साथे भइल बरखा के नाते मौसम सोहावन हो गइल बाटे। मौसम विभा अगिला चउबीस घंटा में प्रदेस के पूरबी जिलन में गरज चमक के साथे बरखा भइले क आगम जतवले हवे।

**********